



PENILAIAN AKHIR SEMESTER TAHUN PELAJARAN 2021/2022

Muatan Pelajaran : Basa Sunda
KD : 3.4 Memeragakan dan menceritakan isi percakapan
Kelas/Semester : V A, B, C, D, E, F / 1
Tanggal : Rabu, 08 Desember 2021
Waktu : 60 menit
KKM : 82

Nama Siswa	Kelas

Muatan	KD	KKM	Nilai Maks	Nilai Perolehan	Tuntas	Belum Tuntas
Basa Sunda	3.3	82	100			

A. LARAPKEUN PAGUNEMAN!

Di handap ieu paguneman antara Mamahna Rahma jeung Galih sabatur-batur. Pék ku hidep tengetan isi pagunemanna!

NEANG

Galih, Ujang, Adin, Ema jeung Ika rék néang Rahma nu geus dua poe teu sakola. Barang nepi ka imah Rahma, maranéhna keketro, bari ngucapkeun salam.

Barudak : "Assalamualaikum!"

Mamahna Rahma : "Waalaikumsalam" bari muka panto, "Aéh geuning réréncangan Rahma, sok ka lebet!"

Barudak arasup ka jero imah terus dariuk dina korsi.

Mamahna Rahma : "Ngaharaja ka dieu ieu téh?"

Galih : "Muhun Bu, maksud téh hoyong ngalayad Rahma. Kumaha Rahma tos damang?"

Mamahna Rahma : "Rahma téh panas kénéh. Ayeuna gé Rahma keur dicandak deui ku Bapana ka dokter."

Ema : "Nuju ka dokter?"

Mamahna Rahma : "Muhun, da saur dokter téh upami tilu dinten panasna teu rerep kedah Dicandak deui ka dokter badé diparios getih"

Adin : "Eééy dicokot getih," cenah bari ngabirigidig.

Ika : "Th lalaki tapi borangan."

Adin : "Lain borangan tapi urang mah geus ngalaman basa gering demam berdarah," cenah bari bibirigidigan kénéh.

Mamahna Rahma : "Oh. Adin kantos demam berdarah, iraha?"

Adin : "Waktos kelas opat Bu, "cenah bari ngélémés kawas nu éra.

Ujang : "Ayeuna mah tos séhat Bu. Malah reungitna gé kapok nyoco Adin mah!"

Mamahna Rahma : "Kunaon kitu?" bari gumujeng.

Ujang : "Da reungitna gé janten gering Bu nyoco Adin mah"

Barudak saleuseurian ngadéngé lulucon Ujang. Mamahna Rahma ogé gumujeng.

Ika : "Ih kalah hareureuy, kumaha atuh ieu téh?"

Galih : "Muhun bade ngalayad téh, teu aya nu teu damangna ogé. Diantosan bilih lami."

Mamahna Rahma : "Muhun atuh panglayadna ditampi, hatur nuhun kana perhatosanana. Keun engké urang dugikeun ku ibu ka Rahma."

Galih : "Muhun atuh Bu abdi bade wangsul bilih kabujeng sontén."

Barudak tuluy sasalaman ka Mamahna Rahma.

Barudak : "Assalamualaikum!"

Mamahna Rahma : "Waalaikumsalam"

B. Jodokeun pananya sareng jawaban anu leres!

KALIMAH PANANYA	JAWABAN
Saha bae lalakon anu aya dina paguneman?	Ka Dokter
Naon nu diobrolkeun ku barudak téh?	Panasna teu rerep
Kamana Rahma dibawa ku Bapana?	Kelas Opat
Kumaha kaayaan Rahma?	Neang Rahma
Iraha Adin kaserang ku kasakit <i>demam berdarah</i> teh?	Galih, Ika, Ujang, Adin sareng Mamahna Rahma